**Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы**
**Қарақалпақстан бөлиминиң**

# ХАБАРШЫСЫ

**Журнал 1960-жылдан баслап шығып атыр**

**Ўзбекистон Республикаси Фанлар Академияси**
**Қорақалпоғистон бўлимининг**

# АХБОРОТНОМАСИ

**Журнал 1960 йилдан нашр қилинмоқда**

# ВЕСТНИК

**Каракалпакского отделения**
**Академии наук Республики Узбекистан**
**Журнал издается с 1960 года**

**№ 2**
**(279)**

**Нукус-2025**

# ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛИ СӨЗ ЖАСАЛЫЎЫ МӘСЕЛЕЛЕРИНИҢ РАЎАЖЛАНЫЎ БАСҚЫШЛАРЫ ҲАҚҚЫНДА

**Отениязова Х.Е.**

*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис қаласы*

Илим ҳәм жәмийеттиң жедел раўажланыўы турмыста үзликсиз жаңа түсиниклерди жүзеге келтиреди. Бул түсиниклерди аңлатыў ушын жаңадан сөзлердиң келип шығыўы тилшилердиң айрықша итибарын талап етеди. Тилдеги бурыннан бар сөзлерден сол тилдиң ишки нызамлылықларына сәйкес жаңа мәнидеги дөренди сөзлердиң жасалыў процесин тил илиминиң сөз жасалыў тараўы изертлейди. Тил билиминиң айрықша тараўы сыпатында сөз жасалыў түркий тиллерде өткен әсирдиң 50–60-жылларынан баслап өз алдына үйрениле баслады. Сөз жасалыўына тийисли материаллар дәслепки илимий грамматикаларда да берилген. Кейин ала бул бағдарда көплеген арнаўлы изертлеўлер алып барылды, мақала ҳәм монографиялар басып шығарылды. Олардың көпшилигинде дәстүрий бир қыйлылықты, ески усыллардың тәкирарланыўын көриўимиз мүмкин. Бирақ көплеген тилшилердиң дәстүрий сөз жасалыўы тараўындағы илимий пикир-усыныслары, таллаў ҳәм түсиндириўлериниң салмақлы бөлеги бүгинги күнде де өз қәдирин жоғалтқан жоқ. Олар биз ушын сөз жасаўдың эволюциялық раўажланыў басқышларын үйрениў, бул бағдардағы пикирлерди улыўмаластырыў ҳәм объектив баҳалаў бойынша көрсетпе бола алады.

Қарақалпақ тилин изертлеўде белгили түрколог илимпаз Н.А. Баскаковтың хызметлерин атап өтиў орынлы. Ол қарақалпақ тилиниң биринши илимий грамматикасын ислеп шығып, 1950-жылы «Қарақалпақ тили (сөз шақаплары ҳәм сөз жасалыўы)» деген темада докторлық диссертациясын жақлады [1, 51]. Усы диссертациясы тийкарында илимпаз 1952-жылы «Каракалпакский язык» атлы мийнетин Москвада баспадан шығарды. Бул китабында фонетика ҳәм морфология менен қатарда, сөз шақаплары ҳәм сөз жасалыў мәселелери биринши рет өз алдына изертлеў объекти сыпатында үйренилген. Н.А. Баскаков өз мийнетинде түркий тиллери бойынша тилши алымлар тәрепинен исленген классификацияны қоллап қуўатлап, оны және де жетилистирди. Мәселен, ол морфологиядан сөз жасалыў ҳәм сөз өзгериў системасын ажыратады ҳәм ҳәр бир сөз шақабының қурамында лексикалық сөз жасалыў усылы, морфологиялық сөз жасалыў усылы ҳәм синтаксислик сөз жасалыў усылы сыяқлы үш түрли усылды көрсетеди [2, 170].

Оннан соңғы дәўирде, сөз жасалыўы мәселелери А.Қыдырбаевтың мийнетлеринен орын алды. Ол қарақалпақ тилиндеги атлық сөз шақабын арнаўлы түрде изертлеп, «Ҳәзирги қарақалпақ тилиндеги атлық сөзлер» деген атамадағы китабын баспадан шығарды. Бул мийнетинде ол, атлықларды ҳәр тәреплеме, терең анализлеген. Онда көплик, тартым, сеплеў категориялары, атлықтың бетлениўи, жасалыўы, атлық дөретиўши суффикслердиң өнимли ҳәм өнимсиз түрлери, қоспа атлықлар изертленди. Ол атлықлардың жасалыўын тийкарынан еки түрли жол менен жасалатуғынын – 1) синтаксислик ямаса композиция жолы менен; 2) морфологиялық ямаса аффиксация жолы менен жасалыў деп көрсеткен [5, 48]. 1974-жылы баспадан шыққан «Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология» атлы жәмәәтлик мийнетте де усы еки усыл қолланылған [7, 17].

1970-жыллардың ақырына келип қарақалпақ тил билиминде сөз жасалыўдың теориялық ҳәм әмелий мәселелери бойынша арнаўлы изертлеўлер алып барыла баслады. Әсиресе қарақалпақ тилинде сөз жасалыў усылларына көбирек кеўил бөлинип, бул мәселеге арналған бирқанша мақалалар, монографиялар пайда болды. Сол мийнетлер арасында А.Бекбергеновтың «Қарақалпақ тилинде сөзлердиң жасалыўы» атлы монографиясы итибарға ылайық. Монографияда қарақалпақ тилиндеги сөз жасалыў мәселелери биринши рет арнаўлы түрде изертленилди. Илимпаз мийнетинде қарақалпақ тилиндеги сөзлердиң жасалыўын төмендегише көрсетеди: 1) морфологиялық; 2) лексика-синтаксислик; 3) морфология-синтаксислик; 4) лексика-семантикалық. Ол сөз жасаўда фонетикалық усылды өнимсиз усыл деп есаплап, былайынша пикир билдиреди: «Изертлеўшилер бул усылды тарийхый сөз жасаў деп есаплайды, себеби сөздеги фонетикалық өзгерислерге байланыслы ҳәзирги тиллерде жаңа сөзлер жасалмайды. Сонлықтан да ҳәзирги түркий тиллерде сөз жасаўдың фонетикалық усылын жоқ деп есаплаўға болады» [4, 11].

Жоқары оқыў орынларына арналған сабақлықларда, оқыўлықларда да сөз жасалыў мәселелери үйрениле баслады. «Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология» сабақлығында биринши рет қарақалпақ тилинде сөз жасалыў бойынша илимий мағлыўматлар берилген. Бул китапта қарақалпақ тилиндеги сөз жасалыўдың төмендеги усыллары көрсетилген: 1) морфоло-

гиялық (синтетикалық ямаса аффиксация); 2) морфология-синтаксислик (аналитикалық); 3) лексика-семантикалық; 4) фонетика-семантикалық. Бул жерде фонетикалық-семантикалық усылға улыўма сыпатлама берилгени менен сөз шақапларының қәлиплесиўинде усы усыл ҳаққында сөз болмайды [8, 21].

Қарақалпақ тилиниң сөз жасалыў машқалаларының изертлениўинде Н.А. Баскаков, А.Қыдырбаев, А.Бекбергеновлар менен қатар Ж.Ешбаев, М.Дәўлетов, Е.Дәўеновлардың хызметлерин де айрықша атап өтиў керек. 1990-жылларға дейинги изертлеўлерде атлық, санлық, алмасық, рәўиш ҳәм еликлеўиш сөз шақаплары өз алдына арнаўлы кандидатлық диссертация сыпатында изертлеўге алынды. Бирақ, бул изертлеўлердиң ҳәммесинде де сөз шақапларындағы сөзлердиң жасалыў дәстүрин үйрениў бойынша ҳәр бир сөз шақабының өз ишинде морфологияның изертлеў объекти ретинде көрсетилген. Н.А. Баскаков сөз жасалыўын морфология қурамында емес, ал өзиниң изертлеў объектине ийе болған ғәрезсиз бағдар сыпатында үйрениў кереклигин айтады [3, 7]. Соған қарамастан, жақын ўақытларға шекем бул тараў морфология қурамында үйренилди.

1990-жыллардан кейин қарақалпақ тилинде сөз жасалыўы морфологияның қурамынан бөлинип, тилши илимпазлар тәрепинен тил билиминиң өз алдына бир тараўы ретинде изертлеў объектине айналды. Бул талқылаўлардың жуўмағы 1994-жылы баспадан шыққан «Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы»нда әдеўир дәрежеде улыўмаластырылған. Онда «Тил билиминде «сөз жасалыў» термини еки мәниде: 1) тилдеги бурыннан бар сөзлердиң тийкарында жаңа сөзлердиң жасалыў процеси; 2) сөзлердиң жасалыў системасын изертлейтуғын тил билиминиң айрықша тараўы сыпатында қолланылады» деп келтирилген [9, 6]. Бул мийнеттиң «Сөз жасалыў (сөздиң морфемалық қурылысы, сөз жасалыў)»; «Атлықтың сөз қосылыў усылы менен жасалыўы»; «Субстантивация»; «Келбетликтиң сөз қосылыў усылы менен жасалыўы»; «Адъективация»; «Сөз шақапларының бөлиниў принциплери»; «Атлық»; «Санлық»; «Алмасық»; «Предикативлер»; «Модаль сөзлер»; «Еликлеўиш сөзлер»; «Қарақалпақ тилиниң сөз жасалыў ҳәм морфологиясы бойынша әдебиятлардың библиографиялық көрсеткиши» бөлимлери А.Бекбергенов тәрепинен, «Атлықтың аффиксация усылы менен жасалыўы»; «Келбетликтиң аффиксация усылы менен жасалыўы»; «Фейилдиң аффиксация усылы менен жасалыўы»; «Рәўиштиң жасалыўы»; «Келбетлик»; «Рәўиш» бөлимлери Ж.Ешбаев тәрепинен, «Фейилдиң сөз қосылыў усылы менен жасалыўы»; «Морфологияға кирисиў» (А. Бекбергенов пенен биргеликте); «Фейил» (мәҳәл категориясынан басқасы); «Таңлақ» бөлимлери М.Дәўлетов тәрепинен, ал «Фейилдиң мәҳәл категориясы»; «Көмекши сөзлер» (тиркеўиш, дәнекер, жанапай) бөлимлери Е.Дәўенов тәрепинен жазылды.

«Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы»нда қарақалпақ тилиниң сөз жасалыўының еки усылы көрсетилген: морфемалық ҳәм морфемалық емес усыл. 1. Морфемалық усыл: 1) Аффиксация (түбир морфемаға сөз жасаўшы морфемалардың жалғаныўы); 2) Сөз қосылыўы (түбир морфемалардың бир бири менен дизбеклесиўи, жупласыўы, биригиўи; 3) Сөз қосылыўы ҳәм аффиксация (еки түбир морфеманың қосылып ҳәм оларға сөз жасаўшы морфеманың жалғаныўы); 4) Аббревиация (сөзлердиң қысқарып биригиўи) усыллары деп бир неше түрлерге ажыратып, ҳәр қайсысы өз алдына кеңирек анализленген:

аффиксация усылы суффиксация ҳәм постфиксация деп еки түрге бөлинип көрсетилген;

сөз қосылыўы усылында қоспа сөзлердиң: 1) составлы сөзлер, 2) жуп сөзлер, 3) тәкирар сөзлер, 4) бириккен сөзлер, 5) қысқарған қоспа сөзлер арқалы жасалыўы көрсетилген;

сөз қосылыўы ҳәм аффиксация усылы морфология-синтаксислик усыл деп қаралған [4, 8].

2. Морфемалық емес усыл – лексика семантикалық усыл яғный транспозиция ҳәм лексика-синтаксислик усыл яғный лексикализация усылы болып екиге бөлип көрсетилген [9, 20].

XXI әсирде де сөз жасалыўы қарақалпақ тил билиминиң ең актуал машқалаларының бири болып қалмақта. Ғәрезсизлик дәўиринде қарақалпақ тил билими салмақлы нәтийжелерге еристи. Соңғы илимий мийнетлерде сөз жасалыўдың теориялық мәселелери арнаўлы түрде изертлене баслады. 2019-жылы П.Нажимовтың «Қарақалпақ тилиниң сөз жасалыў системасы» атлы монографиясы баспадан шықты. Бул монография оның усы атамадағы докторлық диссертациясының тийкарын қурайды. Мийнетте қарақалпақ тилиниң сөз жасалыў системасы бойынша бурын айтылып жүрген пикирлерге бир қанша толықтырыўлар киргизилип, айырым сөз жасаў бирликлериниң өзине тән қәсийетлери жаңадан ашылған. Соның менен бирге, қарақалпақ тилинде сөз жасаў усыллары жаңаша көзқарастан үйренилген. Онда сөз жасаў мәниси, сөз жасаў

мотивациясы, сөз жасаў комплекс бирликлери қарақалпақ тилинде биринши рет арнаўлы түрде изертленген. Комплекс бирликлериниң тийкарын қураўшы сөз жасаў жубы, сөз жасаў дизбеги, сөз жасаў уясы, сөз жасаў типи мәселелерине анализ жасалған.

Ол қарақалпақ тилинде сөз жасаўдың төмендеги тийкарғы усылларын атап көрсетеди: 1) аффиксация усылы; 2) сөз қосылыў усылы; 3) лексика-синтаксислик усыл; 4) конверсия усылы; 5) фонетика-семантикалық усыл. П.Нажимов бул келтирилген усыллардың ишинде ҳәзирги қарақалпақ тилинде аффиксация ҳәм сөзлердиң қосылыўы усыллары оғада өнимли, ал фонетикалық усыл өнимсиз усыллар қатарына жатады деп есаплайды [6, 62]. Илимпаз сөз қосылыўы ҳәм аффиксация усылы арқалы жасалған сөзлерди таллай отырып, бул усыл айырым әдебиятларда «морфология-синтаксислик усыл» деп аталып киятырғанлығын айта отырып, «сөзлердиң бундай жасалыўында еки түрли усыл қолланылған. Сөз жасаў қубылысында еки усыл бир ўақытта ҳәрекет етиўи мүмкин емес. Мәселен *үш-мүйеш-лик, исбилерменлик* сөзлеринде дәслеп мүйештиң санын көрсетиў ушын *үш* сөзи менен *мүйеш* сөзи, ал *исбилерменлик* сөзинде *ис* ҳәм *билермен* сөзлери дизбеклесип бир заттың атамасы жасалған, бул сөз қосылыў усылы менен жасалған деўге болады. Енди бул сөзлер бир түсиниктиң атамасын билдиргенлиги себепли бир сөз ямаса бир пүтин бирлик есапланады, оларды қайтадан ажыратыў мүмкин емес. *Үшмүйеш* ҳәм *исбилермен* сөзлерине *-лик,* сөз жасаўшы аффиксиниң қосылыўы менен енди екинши бир бирлик жасалып отыр. Бул жерде дәслепки сөз қосылыў усылының қатнасы жоқ. Бундай жағдайда *тәртип-ли-лик, бил-им-паз* усаған сөзлерге де өз алдына термин таңлаўға туўра келеди. Сонлықтан, бундай сөзлерди аффиксация усылы менен жасалған сөзлер қатарына жатқарыў орынлы болар еди» деген жуўмаққа келеди [6, 68].

Тилдеги қысқарған сөзлер ҳаққында ол былайынша пикир билдиреди: «Бизиңше, бундай сөзлердиң пайда болыўында сөз жасаў қубылысы жоқ. Сөзлердиң бундай жол менен пайда болыўы, биринshиден, барлық сөз шақапларында бақланбайды, тек атлықлардың айырым түрлеринде ушырасады. Екиншиден, қысқарған сөзлер тилде бурыннан бар сөз ямаса сөз дизбеклериниң эквиваленти болып есапланады. Бундай усыл менен жаңа лексикалық бирлик жасалмайды, себеби жаңа лексикалық бирлик жасалыўы ушын алдыңғысынан мәнилик жақтан бир-биринен парқ қылыўы керек. Ал бул жерде тилдеги бурыннан бар сөз ямаса сөз дизбегиниң эквиваленти болып есапланады. Демек, қарақалпақ тилинде аббревиатура усылы менен сөзлер жасалмайды», деп абревиация усылын сөз жасаў усылына киргизбейди [6, 70].

2021-жылы М.Дәўлетов ҳәм М.Қудайбергеновлар авторлығында «Ҳәзирги қарақалпақ тилиниң сөз жасалыў системасы» атлы монографиясы баспадан шықты. Бул илимий мийнетте тийкарынан сөз шақапларындағы сөз жасаў системасы үйренилип, атлық, келбетлик, фейил, рәўиш, санлық, алмасық, таңлақ сөз шақапларының жасалыўы изертленген. Китаптың басқа мийнетлерден тийкарғы өзгешелиги соннан ибарат, онда сөз жасалыў мәселелери менен бирге қарақалпақ тилиндеги морфонология қубылысы ҳаққында да қунлы илимий мағлыўматлар берилген [10, 200].

Сөз жасалыўы тил билиминиң әҳмийетли тараўларынан бири болып, улыўма тилдиң және де раўажланыўына хызмет етеди, оның сөз байлығының муғдарын көрсетеди. Ҳәзирги заман тили жедел сөз жасаў инновацияларына мүтәж, сонлықтан сөзлердиң пайда болыў процеслери, ҳәр қыйлы түрдеги сөз жасаў модельлери тилши илимпазлардың дыққат орайында турады.

## ӘДЕБИЯТЛАР


1. Баскаков Н.А. Каракалпакский язык. Части речи и словообразование, Автореф. дис., представленной на соискание учен. степени д-ра филол. наук / АН СССР, Ин-т языка и мышления им. акад. Н.Я. Марра. Моск. отд-ние. – Москва, Ленинград: Изд-во АН СССР, 1950. – 51 с.
2. Баскаков Н.А. Каракалпакский язык. т. 2: Фонетика и морфология, ч. 1: Части речи и словообразование. – М.: Изд-во АН СССР, 1952.
3. Баскаков Н.А. О границах словообразования и словоизменения в тюркских языках // Советская тюркология. 1986. – № 2.
4. Бекбергенов А. Қарақалпақ тилинде сөзлердиң жасалыўы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1979. – 128-б.
5. Қыдырбаев А. Ҳәзирги қарақалпақ тилинде атлық сөзлер. – Нөкис: Қарақалпақ мәмлекет баспасы, 1961.
6. Нажимов П. Қарақалпақ тилиниң сөз жасалыў системасы. – Нөкис: Илим, 2019.
7. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1974. – 300 б.
8. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1981. – 264-б.
9. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Сөз жасалыў ҳәм морфология. – Нөкис: Билим, 1994. – 452 б.
10. Dáwletov M., Qudaybergenov M. Házirgi qaraqalpaq tiliniń sóz jasalıwı. – Nókis: Ilim, 2021. – 200 б.

## Qoraqalpoq tili so‘z yasalish masalalarining rivojlanish bosqichlari haqida

**Oteniyazova X.E.**
*O‘zbekiston Respublikasi Fanlar akademiyasi Qoraqalpog‘iston bo‘limi Qoraqalpoq gumanitar fanlar ilmiy-tadqiqot instituti, Nukus*

Maqolada qoraqalpoq tilida so‘z yasalishining tilshunoslikning alohida sohasi sifatida o‘rganilish tarixiga qisqacha sharh qilindi. N.A. Baskakov “Qoraqalpoq tili” fundamental asarida birinchi marta so‘z yasalishini alohida tadqiqot obyekti sifatida ajratib, qoraqalpoq tilida so‘z yasashning uch usulini ko‘rsatadi: leksik, morfologik va sintaktik. A.Kidirbayev ikki usulni - morfologik va sintaktik usulni ta’kidlaydi, A.Bekbergenov o‘z tadqiqotlarida so‘z yasalishining morfologik, leksik-semantik, morfologik-sintaktik, va leksik-semantik usullarini taklif etib, so‘z yasalish jarayonlari haqidagi fikrlarni kengroq va chuqurroq o‘rganib chiqdi. XX asrning 70-yillarining oxiri, 80-yillarining boshlaridan boshlab qoraqalpoq tilshunosligida so‘z yasashning nazariy va amaliy masalalari qizg‘in muhokama qilindi. Bu tadqiqotlarning natijalari 1994-yili nashr etilgan “Hozirgi qoraqalpoq adabiy tilining grammatikasi”da ancha umumlashtirildi. Unda so‘z yasalishining morfemalik va morfemalik bo‘lmagan usullari tizimlashtirildi. Bu boradagi tadqiqotlar XXI asrda yanada chuqurroq o‘rganilib, P.Najimov, M.Davletov, M.Qudaybergenov asarlarida o‘z ifodasini topdi. So‘z yasovchi birliklarning nazariy masalalari, morfonologiyasi va strukturasiga alohida e’tibor qaratila boshlandi. Qoraqalpoq tilida so‘z yasalishining rivojlanish bosqichlarini o‘rganish tilshunoslikning ushbu sohasiga bo‘lgan qarashlarning evolyutsiyasini kuzatishga, tadqiqotlarning asosiy tendensiyalari va yo‘nalishlarini aniqlashga, shuningdek, tilshunoslikning ushbu muhim sohasini yanada rivojlantirish istiqbollarini belgilashga imkon beradi.

## Об этапах развития словообразования в каракалпакском языке

**Отениязова Х.Е.**
*Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан, Нукус*

В статье представлен краткий обзор истории изучения словообразования в каракалпакском языке как отдельной области лингвистики. В своей фундаментальной работе "Каракалпакский язык" Н.А. Баскаков впервые выделил словообразование как отдельный объект исследования и указал на три способа образования слов в каракалпакском языке: лексический, морфологический и синтаксический. Более широко и глубоко изучая идеи о процессах словообразования, А. Кыдырбаев выделяет два способа - морфологический и синтаксический, в то время как А. Бекбергенов в своих работах предлагает морфологический, лексико-семантический, морфолого-синтаксический и лексико-семантический способы словообразования. С конца 70-х и начала 80-х годов XX века в каракалпакском языкознании активно обсуждались теоретические и практические вопросы словообразования. Результаты этих исследований были значительно обобщены в "Грамматике современного каракалпакского литературного языка," изданной в 1994 году. В ней были систематизированы морфемные и неморфемные способы словообразования. Исследования в этой области получили дальнейшее развитие в XXI веке и нашли отражение в трудах П. Нажимова, М. Давлетова и М. Кудайбергенова. Особое внимание стало уделяться теоретическим вопросам, морфонологии и структуре словообразовательных единиц. Изучение этапов развития словообразования в каракалпакском языке позволяет проследить эволюцию взглядов на данную область языкознания, выявить основные тенденции и направления исследований, а также определить перспективы дальнейшего развития этой важной области языкознания.

## On the Stages of Development of Word Formation in the Karakalpak Language

**Oteniyazova Kh.E.**
*Karakalpak Research Institute of Humanitarian Sciences of the Karakalpak Branch of the Academy of Sciences of the Republic of Uzbekistan, Nukus*

This article provides a brief overview of the history of the study of word formation in the Karakalpak language as a distinct field of linguistics. In his foundational work the Karakalpak Language, N.A. Baskakov was the first to identify word formation as an independent subject of study and outlined three of its methods: lexical, morphological, and syntactic. Later, A. Kydyrbaev and A. Bekbergenov proposed morphological, lexico-semantic, morpho-syntactic, and other methods of word formation, expanding and deepening the understanding of its processes. From the late 1970s and early 1980s, both theoretical and practical issues of word formation became actively discussed in Karakalpak linguistics. The results of these studies were significantly summarized in the Grammar of the Modern Karakalpak Literary Language, published in 1994, which systematized morphemic and non-morphemic methods of word formation. Research in this area has continued to develop in the 21st century and is reflected in the works of P. Najimov, M. Davletov, and M. Kudaybergenov. Special attention has been given to theoretical issues, morphonology, and the structure of word-forming units. The study of the stages of word formation development in the Karakalpak language makes it possible to trace the evolution of linguistic perspectives in this field, identify key trends and directions in research, and determine prospects for further development of this important area of linguistics.